

Yon Legliz Mond Lan Sedui



Jezikri, Pitit Li, e nou te jwenn tout bagay gratis nan Kris. Nou genyen W rekonesans, Seyè, pou privilèj ke yo ba nou gras ak gwo Sakrifis siprèm sa Jezi te ofri pou nou sou Kalvè, pou li te ka rekonsilye nou ankò nan fratènite epi jwenn favè W, yon jan nou kapab gen konsolasyon sa pou nou konnen ke li ekri: “Si ou rete nan Mwen, e Pawòl Mwen yo nan ou, ou ka mande sa w vle, e sa va fèt pou ou.” Kounye a, nou gen rekonesans pou sa, e nou priye Ou va ba nou lafwa pou nou kwè l ak tout sa ki nan nou.

² Kounye a an nou mete sou kote, Seyè, tout travay di jounen jodi a, tout sousi lavi sa, nèt ale depi gadyen an rive sou pastè a, pou pa ta gen anyen nan tèt nou kounye a, men sèlman ap tann, ap koute avèk respè pou Sentespri a pale avè nou, pou nou ka akonpli yon bon bagay, pou konnen plis de Ou, akoz rasanble nou ansanm. Paske, Seyè, se vre se poutèt sa nou vini nan jounen chalè sa. Pale avè nou ak Pawòl vivan W lan, e kite Pawòl vivan an abite nan nou epi rete nan nou, pou nou ta ka desinen ak pran fòm, pa dapre mond lan, men vin transfòm akoz lespri nou ki renouvle, nan fòm Pitit Bondye a. O, kè nou tranble, epi lajwa anvayi nanm nou lè nou panse, pou konnen yo ka rele nou pitit gason ak pitit fi Bondye. Nou retwouve nou nan dènye bout moman dezyèm Vini Li, e tout nasyon ak wayom ap fremi anba pye nou, tout bagay nan mond lan ap disparèt, men nou konnen yon jou Li va vini epi va pran nou nan yon Wayom kote pap janm gen yon fen, oswa, sa pap janm bouje. Epi pou panse kounye a nou se sijè Wayom sa a! O Bondye, sikonsi kè nou ak zòrèy nou jodi a, ak—ak Sentespri a, ak lavaj dlo Pawòl la. Paske nou mande sa nan Non Li ak pou glwa Li. Amèn.

³ M swete abòde sijè maten an. Paske, m ta pral pale sou yon bagay on ti jan diferan si t ap gen yon sèvis gerizon, men nou te anonse ke kat priyè yo t ap distribye a uitè, jiska uitè trant ou nevè. E m jis. . . Billy monte lakay la sa fè kèk minit e li di te prèske pa gen moun isi a, alò li pa t bay kat priyè. Alò nou pral. . . M te panse pran tèks sa, pou koreksyon legliz. E m vle pale sou sijè: *Yon Legliz Mond Lan Sedui*. M swete li kèk pòsyon kounye a nan Liv Jij, chapit 16, kòmanse nan vèsè 10.

E *Dalila di Samson, Gade, ou pase m nan betiz, e ou ban m manti*: kounye a *di m*, souple, kijan *gwo pwisans* ou a ka metrize.

E li di l: *Si w mare m vit ak kòd tou nèf ki poko janm sèvi, alò m va vin fèb, epi m va vin tankou nenpòt ki lòt moun.*

Lè sa a *Dalila pran kòd tou nèf epi li mare l avèk yo, epi li di l, Samson, men Filisten yo sou ou*. Paske te gen moun ak kòd ki t ap tann nan chanm lan. E l te kase yo soti nan bra l tankou se te fil pay.

Epi *Dalila di Samson, W ap pase m nan betiz toujou, epi w ap ban m manti: di m kijan gwo pwisans ou a ka metrize*. Epi li di l, *Si w ranje . . . sèt trè nan tèt mwen yo, makonnen ansanm*.

E li tache yo ak zepeng, *epi li di l, Samson, men Filisten yo sou ou*. E li te leve nan dòmi, e li te pati ak zepeng nan trè yo, *tou tache ansanm*.

Epi li di l, *Kijan w ka di, ou renmen m, lè kè w pa avè m? tou lè twa fwa yo ou pase m nan betiz, epi ou . . . di m ki bò gwo fòs ou a chita; epi ou pa vrèman di m ki bò gwo fòs ou a chita*.

Epi sa vin rive, lè *chak jou li te rete la nan kò l ak pawòl li yo, epi l ap ensiste, konsa nanm li te atriste amò*.

E li di l tout sa k sou kè l, *epi li di l, Pa janm gen yon razwa ki pase sou tèt mwen; paske se yon Nazireyen mwen ye pou Bondye depi nan vant manman m: si yo raze m, alò fòs mwen ap kite m, epi m ap vin fèb, e m ap tankou nenpòt lòt moun*.

E lè *Dalila wè ke l te di l tout sa k te sou kè l, li voye rele . . . chèf Filisten yo, li di, Fwa sa a nou mèt vini, paske li vide tout kè l ban mwen*. Epi chèf Filisten yo monte jwenn li, epi y al chache lajan an, ou pito yo pote lajan an met nan men l.

E li fè l dòmi sou jenou l; *epi li fè rele yon nonm, epi li fè raze sèt trè cheve nan tèt li yo; epi . . . li kòmanse maltrete l, epi fòs li te kite l*.

Epi li di, *Samson, men Filisten yo sou ou. E li reveye nan dòmi, e li di, m pral chape tankou lòt fwa yo, m ap annik souke kò m. E li pa t reyalize ke SEYÈ a te kite l*.

⁴ Kounye a m vle li, kòm tèks pou sijè sa a, ke n jwenn nan Liv Apokalips, chapit 2, kòmanse nan vèsè 21 ak 23.

E *Mwen ba l kont tan pou l repanti de fònikasyon l yo; e li pa t repanti*.

Gade, Mwen pral lage l sou yon kabann, e sa yo k ap fè adiltè avè l yo pral nan grann tribilasyon, sòf si yo repanti de zak yo.

Epi *M ap frape tout pitit li yo ak lanmò; epi tout legliz yo va konnen Mwen se moun ki sonde ren ak kè: e M va bay nou chak dapre zèw nou*.

Ke Seyè a ajoute benediksyon Li sou lekti Pawòl Li.

5 Samson, gwo koze tankou legliz, te kòmanse byen. Li te kòmanse nan bon direksyon. Li te kòmanse, e yo te rele l yon nonm pwisan vanyan. Li te kòmanse, ap sèvi Seyè a, nan kenbe Pawòl Li yo epi gade Kòmandman L yo. E se te menm jan ak legliz. Li te demare, jan n te ka di a, tankou yon ekspresyon lemond, li te demare sou bon pye. Te kòmanse kenbe Kòmandman Seyè a. Epi toutotan Samson t ap suiv Seyè a, Seyè a te sèvi a Samson.

6 Paske, Bondye ka kenbe nenpòt moun epi sèvi a nenpòt moun ki va suiv Li, paske sa se zafè Bondye. Men lè n vire do nou, ale lwen bagay Bondye, lè sa a Bondye pa ka sèvi avè nou ankò. Lè nou va ap mache fèm dapre Kòmandman Bondye yo, lè n va ret anndan paj Bib la epi adore dapre Pawòl ki ekri a, ap adore L nan Lespri epi nan Verite Pawòl la, lè sa a Bondye ka sèvi ak nenpòt moun lan. Men lè yo pran yon ide pou yo detounen al dèyè yon lòt bagay, alò Bondye pa ka sèvi ak moun sa ankò.

7 Kifè, Samson se yon—yon kokenn chenn reprezantasyon legliz jodi a. Lè legliz te kòmanse, Bondye te ka sèvi ak legliz, poutèt legliz te ap mache pye pou pye dapre Kòmandman Seyè a, ap gade tout jijman L ak òdonans Li yo, epi ap gade tout Kòmandman L yo. E Bondye te avèk legliz. Men sanble te gen yon kote ki te si tèlman fèb nan mitan legliz.

8 Sonje, nou pa nan yon piknik, men nou sou yon chan batay. Anpil moun jis panse ke lè yo vin Kretyen se sèl sa yo bezwen fè, ke sa regle pou tout tan, poutèt yo se Kretyen tout bagay ap vin fasil. Pa janm mete sa nan tèt nou. Paske, m vin yon Kretyen pou m konbat, mennen bon konba lafwa. M te vin yon Kretyen, pou antre nan liy batay la. Nou se solda Kretyen, e nou dwe antrene epi fòme, ak konnen tout teknik lènmi an, konnen kijan pou fòtifye nou, konnen kijan pou—pou mennen konba a. E nou ka sèlman fè sa dapre jan Sentespri a va revele l ba nou. Nou pa ka pran sa kèk lòt nasyon di nou lè n pral nan lagè, kèk nan lide pa yo. Men nou dwe pran pwòp lide pa nou, fason Sentespri a va dirije nou, epi dapre ide Li va ba nou, paske Li se Kòmandan an Chèf lame Kretyen yo.

9 Samson te byen fè sa, li te yon gran mesye jouk li te kòmanse, te kòmanse yon jan (nou ta rele sa) ap voye pye tout kote, jouk li te kòmanse kite pwòp teritwa l. E legliz t ap mache byen, epi te trè byen jouk yo te kòmanse kite teritwa yo. Samson te kòmanse ap fè vagabonday. E li pa t ap fè vagabonday ak ti fi Izrayelit yo, li kòmanse fè vagabonday ak ti fi Filistin yo.

10 E sa on jan sanble ak sa legliz te fè. Li pat janm kòmanse fè lanmou ak sa k sanble l, l al dèyè enkwayan yo e l te kòmanse ap vagabonde ak enkwayan yo. Se la nou fè gwo, e youn nan pi gwo erè nou, se lè legliz te kòmanse ap fè dè bagay ki pat bon. Tankou Samson, li te kòmanse, gen movèz frekantasyon.

¹¹ Toutotan Samson, t ap frekante pèp Seyè a, li te ale byen. Men lè l t ap fè vagabonday ak movèz frekantasyon, lè sa li vin gen pwoblèm.

¹² E se fason sa l ye ak legliz. Lè legliz t ap suiv ak respè epi chak jou kondwit Sentespri a, Bondye te beni yo, e mirak ak siy ak mèvèy te akonpaye legliz. Men lè l kòmanse gen movèz frekantasyon, ak lemond! Youn nan pi move bagay sa te fè, epi premye bagay sa te fè, li te kòmanse òganize, kraze fratènite pami lòt kwayan yo, paske yo dekouvri ke nasyon yo te òganize. Men gwo Levanjil sa pat dedye a yon sèl nasyon oswa yon sèl pèp. Li te dedye a “nenpòt moun ki vle, ke l vini,” tout nasyon, ras, lang, ak pèp. Entansyon Bondye pat janm pou nou te trase liy separasyon.

¹³ Men lèzòm te vle vin menm, ap konpare, oswa ap imite, fè tankou mond lan—lan fè, rakonte bagay yo fè, reyisi jan yo te reyisi a. Nou pap janm reyisi nan fè tout bagay mond lan fè. Nou ka sèlman reyisi lè nou swiv òdonans Bondye yo ak fason pa L pou fè bagay yo. Nou pa ka janm sa, nan imite mond lan. Si konpayi sigarèt la te jwenn pi gwo siksè ak televizyon, e pil moun byè ak wisky yo te gen gwo siksè pa yo gras a kontribisyon televizyon, se pa yon siy pou legliz gen siksè pa l ak televizyon. Siksè legliz chita nan preche Levanjil, Pwisans Bondye, ak demonstrasyon Lespri a. Nou pa ka di paske televizyon te fè *sesi-sela* pou konpayi sigarèt la epi—epi lòt konpayi yo! Nou pa gen okenn Ekriti pou eseye konpare ak moun sa yo. E toutotan n ap fè sa, nou kab atire grann kantite moun, men se pa sa Bondye te bannou lòd pou fè. Nou panse paske nou tout koulè, ap vole wo, gwo òganizasyon, ki lakòz gwo bagay anpil koulè sa yo ap fèt, ke sa se yon siksè. N ap mouri chak jou pandan nou kanpe sou pye nou, espiritryèlman palan! Si nou te di milyon òm fò kanpe maten an, epi Sentespri a pata avè nou, li ta pi bon pou nou ta dis moun fò kanpe ak Sentespri a avè nou. Nou pa ka konpare nou ak mond lan.

¹⁴ E youn nan premye bagay yo, se, legliz ki te kòmanse òganize pwòp tèt yo. Premye òganizasyon an se te legliz Katolik, epi apre sa legliz Literyen an te vini. Lè yo te òganize nan legliz Katolik pou yo te fè l vin yon òganizasyon, yon jou te gen yon rèl: “Filisten yo sou ou, Samson,” e Samson te kase kòd esklavaj legliz Katolik la, epi Martin Luther te vini, avèk òganizasyon yo.

¹⁵ Alò yo te mare legliz ak yon lòt kòd, tankou Dalila te fè. E yo te kòmanse . . . pase pou yo gen yon nonm ke Bondye rele, yon nonm ke Sentespri a te rele; petèt ki pa t konn ABC yo, men ki te konn Kris. Alò legliz te vin gen stil, epi pran modèl sou politisyen pòt pawòl yo. Epi yo te dwe bay predikatè yo “diplòm doktora,” tout moun te dwe yon Doktè an Divinite. Sa se te yon lòt kòd pou mare legliz. Mesye yo te sòti al etidye, chak seminè ap eseye pwodwi yon pi bon save pou legliz yo ka gonfle lestomak yo pou di: “Pastè nou an se yon Doktè an Divinite.” E ki sa yo te fè? Youn

ap eseye gen plis konesans pase lòt. Ebyen, sa pa vle di anyen nan je Bondye.

¹⁶ E se pa nesèsè pou yon moun menm eseye sèvi ak konesans monden li pou fè Bondye plezi ak sa. Se yon abominasyon nan je Bondye! Ou pap janm fè Bondye plezi ak anbisyon epi konesans monden, paske “se lènmi Bondye,” se sa Lèzekriti di. Li pa ka fè sa.

¹⁷ E chak moun ap eseye posede tout konesans lan. Yo konn ekzakteman ki sa pou yo fè epi mo pou di, epi sa vin jis yon diskou politik olye yon Mesaj Sentespri, demontre ak pwisans ki antre fon nan kè lòm pou dekouvri peche l yo. Yo te fòme pou diskou politik, e nou pa bezwen sa. Pòl te di: “Pawòl la vin jwenn nou, pa sèlman . . . oswa, Levanjil la, an Pawòl sèlman, men ak Pwisans epi manifestasyon Sentespri a.” Se sa ki te pote Levanjil la, ap demontre pwisans Sentespri a! Men tout mesye sa yo al nan seminè pou aprann gwo koze edikasyon, kijan yo dwe kanpe devan moun, kijan yo dwe prezante tèt yo, kijan yo dwe abiye epi kijan yo dwe aji, yo pa dwe janm itilize move gramè. Bon, sa kòrèk pou yon diskou politik, men nou pa dèyè pawòl pou chame lòm. Pòl te di: “Levanjil ke m preche a pa t vin konsa, men Li vin nan renouvèlman Sentespri a—a ak Pwisans pou fè demonstrasyon yo.” Sa pa vini ak yon diskou byen prepare, pou sajès ou ta, oswa konfyans ou ta nan sajès lòm. Men li vini nan demonstrasyon Pwisans Kris resisite a. Sa se Levanjil la: “Pou konnen Li nan Pwisans rezirèksyon L.”

¹⁸ Yo chak ap eseye panse yo on tijan pi entèlijan pase lòt nonm lan, chak denominasyon. Metodis yo pral di: “Nou gen nonm ki pi entèlijan an.” Batis la pral di, epi legliz de Kris, e latriye, yo tout: “Nou, nou pi entèlijan. Nou, moun nou—nou yo, nou pa jis kite nonm òdinè a ale epi preche Levanjil.” Men yo chwazi yo. (O Bondye, gen pitye!) Chwazi yo; si yo byen dokimante yo ak jan de doktrin pa yo, alò yo mete yo nan legliz. Bondye pa gen okenn fason pou touche l. M vle ke moun k ap preche m lan se Sentespri ki chwazi l, Bondye sisite l, li pa t chwazi pa lòm oswa denominasyon.

¹⁹ Konesans nèt ale! Yo di: “O, nou konn tout bagay sou Sa,” e kèk nan yo pa konn premye lèt alfabè Sentespri a. Yo renye L.

²⁰ Sa fè m sonje yon ti liv m te li yon jou nan Kalifòni, sa fè apeprè di zan. M te pran l nan yon ansyen libreri. M bliye kiyès ki te otè a. Jis yon ti liv dezyèm men, men li te gen kèk bon sans ladan l menm si sa te sanble ak blag epi te fèt avèk entèlijans. Men, m te jwenn yon bagay ladann ki te sonnen tankou se Bondye, pou mwen. E youn nan ti istwa yo te kòmanse jan sa. Yon jou maten nan yon gwo poulaye, te gen yon sèten ti kòk kalite ki te panse l te gen tout konesans ke w te kab posede. Kifè li vole monte sou tèt yon bwat epi l frape ti bèk li sou bwat la, kat ou senk fwa, voye ti tèt li dèyè e l te chante tankou w pa t janm

tande yon kòk chante. Epi lòt yo, li te atire atansyon yo, e l te di: “Medam ak mesye nan poulaye sa, m ta renmen pale ak nou tout maten an sou kèk gwo pwogram edikasyon nou fèk devlope.” Li di: “Sa te mande m anpil konesans nan etid mwen,” pandan l rale ti linèt li sou bèk li. Epi l di: “Mwen deside ke nou menm poul nou ka amelyore tèt nou ak plis konesans. Kidonk, m ka di nou ki kote, si nou pral fouye epi travay nan yon sèten antouray oswa yon twou, nou pral jwenn yon sèten vitamin ki pral fè nou chante pi byen, genyen pi bèl plimaj. Epi, o, m ka di nou kòman nou ka amelyore tèt nou nan plizyè diferan fason.”

21 Epi ti poulèt yo ak ti krèt wouj yo, jis fè kòt kòt epi yo di: “Èske l pa on bon chamè?” Epi yo te damou l sèten. “O, li se yon kòk kalite tèlman save!” Sa raple m kèk nan predikatè semine bò isit yo. “Yon nonm tèlman save! Pa gen okenn rezon pou n ap trennen ak rès poul yo, nou tout ta dwe ale avè l.”

22 Ebyen, anvan ti bonòm lan te fini ak diskou l la, te gen yon lòt ti poul ki pa t gen jan de plimaj klere konsa, ki kouri soti nan rès poulaye a, epi l di: “Zanmi, tann on ti moman! M fèk tandè dènye nouvèl nan radyo. Pri pou l yo monte kat santim liv la, nou tout pral nan abatwa demen! A kisa konesans nou yo pral sèvi?”

23 Frè, tout konesans ke nou ka rasanble, a kisa sa ap sèvi? Nou se sis pye pousyè! Nou tout ap mouri pous pa pous e minit pa minit. Konesans nou pa vle di anyen. Nou vle konnen Li. Men se sa yo fè.

24 Jan m t ap fè remak la sa fè yon ti tan sou yon jan de ti zwazo kannari, ki te panse li te gen tout konesans ki—ki nesèsè, epi l te tèlman gen konesans ke l te ka pale sou èt imen ak tout rès zwazo kannari yo. Alò l vole sou tèt kalòj li epi l kòmanse ap pale sou èt imen, kòman l te konn tout bagay sou yo. Epi, bripsoukou, yon pwofesè ki soti nan gwo inivèsite Purdue te pwoche epi te kòmanse ap pale kèk gwo pawòl granpanpan avè l, epi ti kanmarad la te bat je l e vire tèt li epi . . . Bon, li te gen je, li te ka wè pwofesè a. Li te gen zòrèy, li te ka tandè l. Men, natirèlman, li pa t konnen de ki sa l t ap pale. Poukisa? Li te gen yon sèvel zwazo kannari. Li se jis yon sèvel zwazo. Se tout sa l te genyen. Li pa t gen yon sèvo imen, kifè li pa ka panse tankou èt imen.

25 Menm jan an tou yon èt imen pa ka panse tankou Bondye! Nou se imen, e tout konesans mond lan pa vo plis pase yon sèvel zwazo kannari. Tout sa nou fè, nou jis fè tèt nou mal avè l. Nou ta dwe gen panse Kris.

26 Rezon ki fè moun ale epi antre nan òganizasyon, epi ranplase nouvèl nesans lan pa bay lanmen, y ap eseye eskive nouvèl nesans lan. Yo pa vle nouvèl nesans lan. E yo—yo konnen nou anseye l nan Bib la, alò yo vle ranplase l pa yon bagay. Epi moun Pannkotis yo jis pa bon menm jan an, ap eseye chanje l pa on bagay! Yo vle l nan gran jan. Sa dwe jis an gran jan: “Nou pral

bay lanmen epi vin manm legliz, epi yon ti wouze oswa batize,” oswa yon bagay. Yo pè nouvèl nesans lan. Pafwa m kwè Branham Tabènak kòmanse pè sa!

²⁷ Kounye a, nou tout konnen ke yon nesans, m pa bezwen konn kote l ye, oswa kote, nenpòt kibò a, se yon galimatcha. Si yon tibebe fèt sou yon pil fatra, sou yon planche ki di, oswa nan yon chanm lopital ki dekore an woz, se on galimatcha, tout jan an. Nesans yon ti bèf, nesans nenpòt lòt bagay, se yon galimatcha.

²⁸ E nouvèl nesans la pa lòt bagay ke yon galimatcha! Men moun yo si tèlman gen mès: “Nou pral kote yo bay lanmen. Nou pral kote yo pap mete pou moun epi rele fò, epi ap frape sou lotèl la epi ap rele fò.” Nou vle ret imen twòp! Sa n bezwen se nesans, mouri tout bon, ki mennen Lavi!

²⁹ Yon semans, yon vye pòmdechè, yon semans pòmdechè, ou pran pòmdechè sa epi ou mete l lan tè. Jouk ou ka genyen nouvo pòmdechè, vye pòmdechè sa dwe pouri. Yon grenn mayi pa ka pwodwi yon nouvo vi toutotan l pa pouri.

³⁰ E yon nonm oswa yon fanm pa ka janm gen nouvèl nesans toutotan pati entelektyèl yo ak pwòp tèt yo pa pouri, mouri, mouri sou lotèl la, epi rele ak tout fòs, vire lanvè, rive nan yon pwen kote pran pòz la soti nan kòlèt nou, epi nou ne de nouvo ak Lespri Bondye. M pa bezwen konnen si w ranni, pale an lang, sote ponpe, bat tankou yon poul san tèt, w ap pote yon nouvèl Vi! Men nou ranplase l pa yon bagay, nou vle fason gran jan an, sèten.

³¹ Lòt jou, yon vandredi, madanm mwen avè m ta pral magazin. M pa vle mize sou sa. Men pandan nou t ap desann nan lari a, m te jis kontinye ap vire tèt mwen yon kote epi lòt kote a, akoz fanm toutouni. M te pwomèt Bondye lè m te yon nonm avèg, si L te geri je m m t ap gade bagay ki dwat. E m kenbe yon ti kwa k pandye nan machin mwen. Lè m wè bagay konsa, m gade kwa a epi m di: “O Bondye, Sa se Refij mwen,” antan m t ap gade kwa a.

³² M te wè fanm sa yo. Meda te di: “Jodi a nou pa wè yon sèl fanm ki gen jip sou li.” Epi l di: “Bill, gade fanm sa la ak ti bretèl sa yo toutotou bout anlè kò li,” e li te di: “ou vle di m fanm sa pa konnen sa pa bon?” Li di: “Si l pa konnen l pa bon, alò li pèdi bon lespri l.”

³³ M di: “Tann on minit, cheri. Li s on Amerikèn, li fè tankou Ameriken yo fè.” M di: “M te an Fenlann sa pa fè lontan, cheri.”

³⁴ E la m te poze yon nonm ki te depoze m yon kesyon, se te Doktè Manninen. E nou ta pral pran yon—yon ben pou sante, sa yo rele “sona” a, epi yo antre avè w epi vide dlo cho sou ou, oswa dlo sou wòch cho, epi l jis fè w swe. Apre sa yo fè w sote nan dlo glase, epi apre ou soti. Apre sa ou mete w nan yon pyès, epi gen enfimyè anndan la, gen fanm k ap frote mesye yo (epi yo toutouni), voye yo tounen nan pisin lan. M pa t vle antre. Epi m te di: “Doktè Manninen, sa a pa bon.”

35 Li di: “Bon dakò, Reveran Branham, sa a pa bon. Alò sa w di de doktè Ameriken w yo ki pral dezabiye yon fanm toutouni epi lonje l sou tab, pou ekzamine tout ògan seksyèl—seksyèl li? Sa w panse de enfimiyè w yo nan lopital yo?”

36 M di: “Ekskize m, Frè Manninen, Manninen, ou gen rezon.”

37 Ki sa l ye? Se koutim yo. Lè m te a Pari se te difisil pou m te kwè sa, ke twalèt pou ni gason ni fanm te menm. M pa t ka konprann sa, ke twalèt yo ni pou mal ni pou femèl te sou bò lari a. M pa t ka kwè ke lè fanm yo t al nan lanmè pou al naje, yon gason ak ti mennaj li, yo pa gen okenn vestyè, yo jis retire tout rad yo jouk dènye abiman an, epi vire do yo pou mete yon ti kòdon senti pou y al naje, men se konsa. Yo pa bay sa enpòtans. Se koutim Lafrans.

38 An Afrik, fanm ak gason, jenn ak granmoun, pa gen okenn rad ditou, ap mache nan tout plèn yo. Pa janm konnen ki sa k on twalèt, oswa bagay sa yo, oswa pa janm soti anba je youn ak lòt. Men yo pa konn diferans lan. Yo pa konn diferans lan. Men se koutim nasyon.

39 Men m di: “Cheri, nou diferan, nou sot nan yon lòt Nasyon. Nou se peleren ak etranje isi a, se sa k fè bagay sa yo parèt si tèlman move. Paske Bib la di: ‘Sila yo ki pwofese sa, ki reklame sa, yo montre ke yo se peleren ak etranje, y ap chache yon vil ki gen pou vini.’”

40 Yon nonm oswa yon fanm an Itali, an Frans, an Afrik, nan nenpòt lòt nasyon, ki janm ne de nouvo ak Sentespri a, pa fè bagay sa yo. Yo pap mete rad sa yo. Yo pap ajì konsa, paske yo vin de yon lòt Nasyon Kote Dirijan an epi Kreyatè a se Bondye. Nou soti nan Syèl. Lespri ki anndan w lan, motive vi w. Si w s on Ameriken, ou va fè tankou Ameriken yo fè. Si w se Fransè, ou va fè tankou Fransè yo fè, epi kritike youn lòt. Men si w vin de Bondye, ou va fè fason yo fè nan Syèl, paske Lespri w vin de Anwo epi Li kontwole w.

41 Yon ti bagay ou ta ka gade. Nan Lèzekriti, sila yo ki t ap chache nouvo Vil sa, te ajì diferan. Yo te deklare ke yo te peleren ak etranje. Men sou bò Kayen, yo te vin moun ki nan mawon epi rebèl. Men Kreyten yo te peleren epi etranje. Yon moun ki nan mawon pa gen kay, yon trèt s on moun lèd nèl. Men yon peleren s on bagay reyèl, e ki soti nan yon tè reyèl nan yon lòt Nasyon, k ap eseye jwenn chimen l pou al Lakay, ki ap deklare pa vi li ke l gen yon bagay ke li sot nan yon lòt Peyi. Men rezon an.

42 Men malgretou moun sa yo ki fè sa, moun sa yo ki mete bagay sa yo, kite m di w. An Afrik di Sid, lè m te wè trant mil payen tout bon, toutouni, endijèn vlope ak dra. Ti fi sèz, dizwit, ven tan, ti gason san yon bout rad sou yo, kanpe la ak labou nan figi yo, epi ak penti toupatou, zo nan nen yo, epi bout bwa pandye nan zòrèy yo, epi trese zo moun osinon kèk zo nan cheve yo, dan zannimo pandye sou yo, toutouni jan yo vini nan mond lan, epi

yo pat konn sa. Men lè yo te resevwa Kris, epi tonbe sou fas yo pou resevwa Sentespri a, yo te leve kanpe epi yo te kwaze bra yo pou kache wont lestomak yo, pandan yo t ap deplase pou jwenn rad mete sou yo. Poukisa? Yo te vin peleren ak etranje pou mond sa. Alelouya! Yo te lwen Li. Wi, mesye.

⁴³ O, wi, moun sa yo rele tèt yo Kretyen. Yo fè pati legliz. Y ale e yo di: “Nou se Metodis. Nou se Batis. Nou se Pannkotis. Nou se Advantis Setyèm-jou. Nou se *sesi, sela*, epi se *lòt bò*.” Sa pa gen anyen pou wè ak sa. Espri w, lavi ki nan ou, motive epi di kisa w ye. Jezi te di: “Se pa fwi yo ou va konnen yo.”

⁴⁴ Legliz vin tankou Izrayèl, o kòmansman. Yo te wè tout nasyon payen yo gen yon wa. Bondye te Wa yo. Epi yo te wè nasyon payen yo gen wa, alò yo te vle aji tankou nasyon payen yo, epi yo te bay tèt yo on wa. E fini yo fin fè sa, yo te tonbe nan pwoblèm. Sa te kòmanse antre piti piti. Piti piti lemond kòmanse glise antre nan yo. Alafen sa te abouti nan Akab. Yon wa ki t ap pwoche jis on ti kras pi pre sa, yon ti kras pi pre l, epi alafen sa te prije lavi soti nan yo. E se la yo te rive. E lè vrè Wa a vini, yo pa t konnen L.

⁴⁵ Se menm bagay la legliz te fè. Li adopte. Men kote w ye. Li adopte politik, edikasyon. Li adopte òganizasyon, sosyete, gwo legliz, predikatè grandizè. E lè vrè Wa a vini, yo pa konnen L, epitou y ap krisifye menm Sentespri ki Wa yo a. Yo pa konnen L, men yo griyen dan sou Li epi pran plezi sou Li. Menm jan Jwif yo te fè Mesi yo a, legliz ap trete Mesi pa yo a menm jan an. Yo pa konnen l. Yo pa gen disèman esprityèl, akòz yo si tèlman andoktrinen pa je yo avèk sa yo wè, gwo bilding, ap eseye konpare ak lemond. Yo pa janm mande—pat mande pou n konpare nou ak lemond. Yo mande nou pou nou fè nou piti.

⁴⁶ E, yon sèl se majorite, nan Bondye. E jodi a pami evanjelis k ap fè gerison nan chan deyò yo, gen tèlman konpetiti, konpetitè. Youn di: “Ebyen, beni Bondye, m tèlman gen dè milye. M g on pi gwo reyinyon pase w.” Ki diferans sa fè? Nou gen youn oswa yon milyon, ki diferans sa fè? Èske nou fidèl a Bondye? Èske nou fidèl a Pawòl Li? Èske nou reyisi kanpe anba tès Sentespri a? Èske se vre? Sa se bagay prensipal la.

⁴⁷ Men nou fè konpwomi ak Bib la. Anpil nan moun Pannkotis nou yo, fè konpwomi, sou Doktrin fondamantal Bib sa. Gen . . . M pa vle blese santiman. Mwen nan pwòp legliz mwen, e m santi ke mwen—mwen ta ka fè sa, jis nan legliz mwen, paske m ap preche Levanjil. Men gen dè dizèn de milye de predikatè Pannkotis ki konnen ke pa gen okenn bagay konsa nan Bib la tankou batèm nan non “Pè, Fis, Sentespri.” Mwen bay achevèk yo defi, oswa nenpòt moun lan, pou montre m kote moun te janm batize nan non “Pè, Fis, Sentespri.” Men yo fè konpwomi, paske òganizasyon yo te fè sa. Pa gen yon moun nan Nouvo Testaman an, epi pou twa san zan apre sa, dapre listwa, ke sila yo ki te

batize nan Non Jezikri. Kisa sa ye? Òganizasyon. Se sa ki fè sa. Ap fè konpwomi!

⁴⁸ E jodi a yo te retire tout ouvriye lari yo nan lari a. Yo te retire tanbourin nan legliz. Yo te retire tout glwa nan legliz, e yo pran predikasyon seminè, yon vye p ti predikasyon penyen kankou on kòk, tout byen rafine nan sosyete a, ak fanm yo k ap mete bout pantalon epi rad kole sere sou kò yo, epi mesye yo k ap fimen sigarèt, epi jwe aza epi bay blag sal. Se yon wont nan je Bondye! M konnen sa di, men li lè pou yon moun di yon bagay. Ap fè konpwomi, bay vag, ap aji tankou lemond!

⁴⁹ M pa bezwen konnen si m dwe kanpe pou kont mwen, ak pèsòn ke Bondye sèl, m va preche Verite Bib Bondye a epi pran pozisyon pou Li. Si m mouri, m va toujou pran pozisyon pou Verite a. Sèten. Nou vle Verite a. M va mezire pa selon legliz, men m vle mezire selon Pawòl Bondye.

⁵⁰ Men Dalila, èske w te remake? Li te konnen ke Samson te gen yon pouvwa. E l pa t konnen kote pouvwa sa te chita. Li pa t ka di ki sa pouvwa sa te ye, men Samson te posede yon gwo pouvwa, e li te vle dekouvri l. Epi, tankou Dalila, ki te kontinye ap file Samson ak bote li. O, li te abiye tèt li vrèman seksi. Epi l te mache devan l epi l te fè ti souri tankou kèk ti adolesan jodi a, e—e latrkiye, epi te vle aji jis tankou yon lòt bagay, yon espektak toutouni, ap eseye atire Samson vin sou li.

⁵¹ Sa se menm bagay la mond lan fè ak legliz. Kounye a kote gwo Pouvwa w la?

⁵² “Ebyen, si nou òganize nou, sa ap kraze Pouvwa a.” Legliz Katolik te fè sa.

⁵³ “Men, Filisten yo sou ou Samson.” Epi yon Litè te soti.

⁵⁴ Apre sa yo te òganize yo ankò. “Si w mare m ak yon lòt kòd, sa ap kenbe m.” Se sa yo te fè.

⁵⁵ “Epi Filisten yo sou ou, Samson.” Ki sa k te rive? Wesley te soti epi te kase kòd yo.

⁵⁶ “Bon ou twonpe m tout tan sa a. Ou pa rann ou kont m renmen w, Samson? Dakò, di m laverite selon kè w.”

“Oke, mare m ak yon lòt kòd.”

⁵⁷ “Dakò, kounye a n ap fè sa.” Kisa sa ye? Se kòd denominasyon.

⁵⁸ “Kite m lib, de fason pou m pa gen okenn denominasyon. Lè sa, m di w, ou va genyen m.” Konsa Pannkotis yo te soti. Kote Pwisans ou a?

“Filistin yo sou ou.” E li te pete kòd yo ankò.

⁵⁹ Men kounye a kisa k te rive? Sa te met men sou Pannkotis yo, ak gwo Doktè an Divinite kòm pastè yo, kèk gwo chabrak. Yo te jis gen menm kantite lekòl ak rityèl ke Metodis oswa Batis yo, oswa nenpòt rès ladan yo te genyen. Antre nan yon legliz epi ou

paka tande yon “amen,” jis frèt menm jan ak yon bann Eskimo drèt nan Pòl Nò! Frèt! Endiferan! “Epi kounye a Filisten yo sou ou, Samson.”

⁶⁰ Filistin yo sou ou, Amerik. Kote inite lespri a? Kote inite Pannkotis yo? Asanble de Dye yo, epi Inite yo, epi legliz de Dye yo, epi *sesi*, *sela*, se *lòt bò*, yo chak ak yon diferan ism, sila ak *sa*, epi sila ak *sa*. Nou tèlman divize ke ou pakab al nan yon vil pou w gen yon revèy, si yon legliz parennen l, rès yo pap menm vini. Komini yo sou ou, Amerik.

⁶¹ Kote Pwisans nou? Kote glwa nou? Kisa sa ye? Paske n al dèyè sa jès lòm olye Pwisans Bondye! Enben, predikatè nou yo ak bagay sa yo si tèlman se pou lafòm, ke yo òganize nou jouk nou vin tèlman fòmalis ak kou nou byen rèd, jiskaske moun yo. . . Èske nou janm tande menm yon sèl kri nan legliz ankò? Nou pa janm tande pèsòn ap pouse kri. Bann moun k ap jemi yo al nan sousòl. Pa gen glwa ankò nan legliz. Tou sa nou fè se chita jis byen rèd toutotan n kapab. Nou pa lib. Nou mare. Dyab la, ak demon modèn li yo, mare legliz Bondye vivan an. Se vre. Pa gen Pwisans ankò nan legliz. Pa gen libète ankò. Moun yo tèlman fòmalis epi tou rèd! Enben, Bondye ka vini nan mitan moun Pannkotis yo, epi montre ke L se Bondye, epi pwouve siy Li ak rezirèksyon Li, sa pa menm sekwe yo. Glwa! Enben, se yon wont! M travèse peyi a, Bondye ap travay, ap akonpli siy, epi moun yo chita, epi se: “Ebyen, m kwè se kòrèk. O, m konnen sa ka fèt.” Sa pa briding yo! Poukisa? Yo mare ak Dalila, lemond. Yo nan chenn.

⁶² Bon yo menm mete tèt yo nan, mare tèt yo nan yon konfederasyon. “Filisten yo sou ou, Samson.” Kisa w ap fè ak sa?

⁶³ “O, nou gen gwo denominasyon.” Sèten. “Nou gen plis manm ke nou pat janm genyen.” Men kote Lespri a? Kote Sentespri a?

⁶⁴ Se sa dyab la fè. Li te antre ap file legliz. Li te kontinye ap file legliz: “Vin jwenn mwen, m pral ba ou yon gwo tabènak isi a si w jis fè *sa*. Si w debarase w de predikatè fanatik sa w genyen an, epi pran yon nonm, yon Doktè an Divinite ki gen kèk bon sans, nou va bati yon bèl gwo legliz klasik epi nou va menm jan ak rès yo.” Man yè wont! Pito w gen yon nonm ki paka fè diferans ant kafe ak grenn pwa, men ki ranpli ak Sentespri, ki pap fè konpwomi, gras ak Pwisans Bondye a.

⁶⁵ Men sa te vin, o, si tèlman rijid, jouk yon ti sen ki ta reyisi pèsè nan reyinyon an epi pale an lang, oswa pouse on ti kri, oswa fè yon bagay, epi tout rès yo va tòde kou yo pou yo gade. “Sa sa te ye? Ebyen, mande poukisa? Sa dwe yon fanatik ki lage kèk kote.” Ou konnen se verite! Kèk ti sen antre anndan la, vin kontan ase pou leve men l, epi ap rele, ap louwe Seyè a, yon jan de moun ki va di byen fò “amèn” pou predikasyon Levanjil la, epi rès lòt yo va vire tounen pou wè sa l te di. Sa se Pannkotis yo. Sa k pase? W ap imite Metodis yo, Batis yo; y ap imite Katolik yo; Katolik ap imite lanfè. Epi, tout ansanm, tout se selon lanfè! Se vre.

66 Dalila te pran tèt ou anndan gwo legliz, ak minis rafine, edike, li te pran pi gwo zotobre yo. “Ebyen, ou konnen, *Entèl-entèl* isi a se yon milyonè, si n te ka jis fè l vin nan kongregasyon nou an! O, la la!” Si l pa ne de nouvo, alò li pa merite pou l la. M pa bezwen konnen si l te gen yon milyon dola. Si l posede karant Kadilak, kèlkeswa sa l genyen an, li dwe ne de nouvo, rive drèt ak yon nouvèl nesans epi rejenere ak Sentespri, epi soti ladann ak yon nouvèl nesans, ak larim (ekskize m), ap kriye epi rele, epi konpòte l menm jan ak rès lòt yo, epi apre sa viv yon vi pou pwouve ke li genyen L. Amèn. Se sa w bezwen.

67 “Samson, Filisten yo sou ou.” Kominis sou ou. Lemond sou ou. Dyab la sou ou.

68 Yo retounen epi yo wè Lespri Bondye ap fè mirak ak bagay rezireksyon L yo, sa Jezi te pwomèt la, yo di: “Ou konnen, m panse Frè Branham gen anpil telepati mantal. Pastè m te di m sa vin de dyab la.”

69 Ou menm pòv, ipokrit, infidèl yo twonpe, ki byen rafine, ou menm lou ki degize an ayo! Jezi di: “Si nou te konnen M, nou te kab konnen jou pa M nan.” Men nou gen yon pakèt bann Sayil k ap eseye fè nou vin tankou rès mond lan.

70 Nou vle anpil òm de Dye ki pap fè konpwomi sou Pawòl la, men ki ap preche Verite a e ki kanpe sou batèm Sentespri a.

71 Men kisa mond lan fè? Li te raze tout Pwisans ou. Ou te fèt Nazireyen, Pannkotis, men mond lan te raze Pwisans ou sèten. Kounye a li jis byen rijid tankou rès lòt yo.

72 Kisa nou pral fè? Kisa k pral rive? Gen yon sèl bagay glorye ke m ka panse pou fini tèks sa.

73 Pandan Samson te mare! Nou paka gen yon revèy. Lè m ap tandè frè solid nou, Billy Graham: “Revèy pou tan nou an!” Lè m ap tandè Oral Roberts k ap rele: “Revèy pou tan nou an!” Ap tandè rès lòt yo: “Revèy pou tan nou an!” Kijan nou ka gen yon revèy si nou mare? Nou mare Sentespri a, avèk òganizasyon epi tradisyon nou yo, e nou pa ka gen yon revèy Sentespri. Amèn. M konnen sa kòche fò, sitou ak tanperati a, men se Laverite. Kijan nou ka gen yon revèy Sentespri lè nou si tèlman mare epi byen rijid! “Relijyon pou lafòm”, Bib la di yo va konsa. “Relijyon pou lafòm, men yo va refize Pwisans lan.” Ki Pwisans? Pwisans òganizasyon? Pwisans mond lan? Pwisans legliz? Pwisans Sentespri! Sa se plas sekrè nan legliz. E lè legliz adopte predikatè save, epi gwo bilding ak bagay de liks, nan plas Sentespri ansyen tan an, li ta mye yo retounen fè misyon ankò. Amèn. Se vre. Kijan w pral gen yon revèy Sentespri, lòske moun yo etenn Li epi mare Li epi pè Li? Men kote pwoblèm lan chita.

74 “Filistin yo sou ou.” Men, sèl espwa beni nou genyen, sè ke pandan Samson te nan prizon. . .

75 Ki premye bagay yo te fè lè yo te pran l? Yo mare l, an premye. Yo te retire pwisans li, yo te jwenn sekrè li. Yo te jwenn sekrè w. Mond lan te jwenn sekrè w. Kounye a nou tout fanm yo nou koupe cheve nou, sa fèt tankou mond lan. Nou tout mesye yo nou ale epi aji tankou mond lan. Se kòrèk, bay blag ak blag sal, epi soti pou fimen kèk sigarèt, epi kouri ak madanm vwazen yo, epi tout lòt bagay konsa, yon ti gròg sosyal pou kenbe travay nou. M ta pito lonje sou vant mwen ap manje biswit sèk epi bwè dlo sous, epi rete pwòp, rete pi devan Bondye, pase pou m fè konpwomi pou nenpòt kalite travay la. Se jis. Se vre. Rete fidèl ak Bondye.

76 “Samson, Filisten yo sou ou.” Branham Tabènak, bagay doktrin monden ap glise antre nan mitan nou. Sa w panse de sa? Èske nou devwale sekrè nou? Èske w devwale sekrè sa ke Bondye te ba w lè w t ap patoje la nan pousyè pay sa fè kèk lane? Èske w te kite l chape anba adorasyon sosyal, pou lafòm? Kisa k te rive w? Bondye ka desann epi fè mirak epi desann drèt nan oditwa a la ap di moun yo sekrè kè yo, ak tout bagay, epi geri malad ak aflije, epi fè siy ak mèvèy, epi preche Pawòl Li ak pi plis fòs posib, ak Sentespri a; e moun va di: “Ebyen, mwen kwè se kòrèk. Sa fè nou plezi tande l yon fwa tanzantan, si nou pa twò fatige.” Sa se Branham Tabènak. Filisten yo sou ou.

77 Lè, te gen yon tan lè preche Pawòl la, epi vye sen yo ak dlo nan je, te konn leve kanpe sou pye yo epi mache, ap plenn, petèt san yo pa di yon mo, jis ap mache fè laviwonn, de ou twa fwa, epi chita, tèlman ranpli ak Sentespri! Pawòl la te konn nouri yo! “Lòm va viv pa sèlman ak pen, men ak tout Pawòl ki sot nan bouch Bondye.” Filisten yo sou ou, Branham Tabènak.

Filisten yo sou ou, Pannkotis.

78 Natirèlman, Filisten yo pran nou, lòt rès yo, sa fè lontan kan nou te òganize tèt nou si tèlman, ke anyen pa t ka antre sòf si w te Prezbiteryen, Batis, Metodis, Katolik, oswa yon bagay. Ou pa t ap menm vle an afè ak lòt rès yo.

79 Kifè, revèy pou tan nou an? Kijan nou ka genyen l lè mond lan mare sila ki bay revèy regilyèman an? Bondye pap antre kote lemond ye, ou ka jis depann de sa. Ou asosye ak lemond, apre sa se—se sa sèlman. Lè w kite lemond glise antre, ou va aji tankou lemond, apre sa ou fini. Men lè w kase tout kòd lemond, epi ou vin jwenn Bondye, Bondye va itilize w jiskaske ou va al nan zanmitay ankò.

80 Men sèl espwa ke m genyen maten an, pou m rezime Mesaj mwen an, se sa a: “Pandan Samson te mare a, yon nouvo touf cheve te pouse.”

81 Bondye voye pou nou yon lòt Legliz jis anvan tan lafen an, pou ke Pwisans Sentespri a kapab antre ladan l, ak demonstrasyon Lespri, epi Mak 16 ka swiv Legliz la, Ak 2:4, Ak 2:38, tout sa ka swiv Legliz la tout tan. Siy ak mèvèy va akonpaye apot yo. Gran siy rezirèksyon Li va akonpaye yo. Pandan nou nan

prizon, Bondye siman ap prepare yon rekòt yon kote, pou dènyè destriksyon final la. Ke sa kapab ou menm, zanmi Kreyen mwen isi a maten an, ke sa kapab fòs ou ki kòmanse ap ogmante. Mwen priye ke Mesaj sa maten an, e deyò nan peyi kote li va ale, mwen gen konfyans ke Mesaj sa pral ede pote vitamin pou sistèm ou ki va fè pouse ankò yon Pwisans espiryèl nan lavi w.

An nou bese tèt nou pou priye.

⁸² O Bondye Seyè, Kreyatè Syèl ak tè a, Mèt Lavi Ki pap janm fini an, epi Sila ki bay tout bon don espiryèl, pran pawòl sa yo maten an epi mete yo anndan kè, epi wouze yo ak dlo, Seyè. Ke moun yo priye pou bagay sa yo, pandan n ap gade mond lan ki file legliz e finalman jwenn Pwisans li, jwenn plas sekre li, jwenn kote sekre l chita, epi raze tèt li. Ki pran moun ki te konn kriye viktwa otrefwa, ki te konn gen viktwa otrefwa, epi ki te pèdi yo, pou rete lakay le Mèkredi swa ap gade pwogram televizyon. Ki retire jwa nan kè yo, epi ba yo plis lanmou pou lemond olye pou Bondye. Ki ba yo plis lemond, pou bagay monden, plis dezi pou amizman mond lan olye pou predikasyon Levanjil. Si pa gen yon gwo òkès ak anpil eksitasyon, epi rèl kè kontan epi eksitasyon, alò yo pa vle ansyen Levanjil la, ankò, ki mennen dlo lajwa nan nanm, ki fè gerizon Divin retounen, ki retabli don apostolik yo bay legliz, ki fè Kris resisite a antre, Mesi jou sa.

⁸³ Men menm jan wa yo—yo te mare Izrayèl, ke yo pat ka swiv reyèl Wa a; epi reyèl Wa a, lè L te vini, yo pa t rekonèt Li. Se konsa l ye jodi a. O Seyè, Wa de Glwa a parèt sou fòm Sentespri a, epi, Seyè, yo pa konn sa. Yo pa rekonèt li. Yo si tèlman òganize si tèlman sere, ke yo pa konprann sa, paske sa pa nan òganizasyon pa yo. Seyè, sa se travay dyab la ki fè moun yo sa.

⁸⁴ Ke Samson Bondye a, ke sila ki sensè nan kè l, sila yo k ap soupire epi rele, epi ap plede ap kenbe fèm, ke yo rete avèk sa, Seyè, jouk nouvo rekòt sa pouse soti, jouk yon jwa nan Siyon vini ankò, epi yon gwoup vini ankò ki ka rekonèt epi konprann, ki ka wè Mesi a epi Pwisans kache a ki kache pou lemond, ke yo pap konprann kounye a. Fè ke, Seyè, yo va wè sa. Paske nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

[Espas vid sou kasèt la—Editè a]

. . . Pwisans kounye kounye a,

O Seyè, voye Pwisans la kounye kounye a

Epi batize tout moun.

Yo te nan kay chanmòt la,

Yo tout te nan yon sèl akò,

Lè Sentespri a te desann

Ke Seyè nou an te pwomèt.

O Seyè, voye Pwisans Ou kounye kounye a,

O Seyè, voye Pwisans Ou kounye kounye a;

O Seyè, voye Pwisans la kounye kounye a

Epi batize tout moun.

85 Ala m renmen Li! Fèk voye Pwisans Li! Yo te nan kay chanmòt la, yo tout nan yon sèl akò. Tout mond lan te vide soti nan yo. Yo te vid nèt, epi Sentespri a te vini.

86 Jodi a yo di: “Vini, asosye w ak legliz, mete non w nan liv la. Oswa bese tèt ou pou di: ‘M konfese Kris kòm Pitit Bondye a,’ leve.” Dyab la fè menm bagay la. Sètèn. Dyab la te batize lè Jida te batize. Dyab la t al preche Levanjil lè Jida t al preche Levanjil. Men dyab la pat gen Sentespri a. Se fini. Se la Pwisans lan kache, rezirèksyon sa a, konesans pozitif sa a, san yon ti kras dout. Amèn.

87 Li isi a. Menm Sentespri sa, Sila a ki te sou Mesi a, toujou sou Legliz Li. Li pa janm kite. “Mwen va toujou avè w, menm nan ou, jouk nan fen mond lan. Mwen va la. Zèv ke M fè yo, ou va fè yo tou. Ou va fè plis pase sa, paske M pral kot Papa M.”

88 Men mond lan fè konpwomi avèk sa: “O, bagay sa yo se te pou tan pase!” Se egzaktman sa dyab la vle w fè. Yo vle w fè granpanpan. Bondye vle w batize. Bondye vle w . . . Ou di: “O, m pa kwè nan tout eksitasyon sa yo.” Ale epi viv, ale epi viv nan peche w, viv nan peche w. Men toutotan ou pa pouri, toutotan ou pa pouri a pwòp lide w, toutotan ou pa pouri a pwòp stil ou, epi vin rejenere ankò epi ne de nouvo, epi nouvèl Vi sa va diferan nèt de sila ki te antere a.

89 Yon grenn mayi antere jòn, li resisite vèt. Antere tout bon, byen fèmen, li resisite fleksib epi ap deplase ak van an. O, glwa! Alelouya! Lè van kòmanse soufle, semans lan pa ka fè anyen ke bouje kò l, deplase, men ti—ti boujon an plwaye epi rejwi, apre li grandi, pran fòs pa l. Li pap janm ka vin yon boujon toutotan mayi a pa mouri epi pouri. Pa sèlman mouri; men pouri. Li pa ka tounen ankò, men lavi soti ladan l.

90 Janm te di toutalè a, yon nesans se yon bagay tèrib, pa pwòp, sal, sa ki pi pa pwòp, men se la lavi chita. Lè w konsidere tèt ou kòm pa pwòp, konsidere kredo Metodis, Batis ak Pannkotis yo kòm pa pwòp, epi mouri devan lòtèl, lè sa nouvèl Vi a antre. Sentespri a fè w monte anwo sa; ou wè Bondye.

91 Nou va wè Li yon jou glorye. Yon jou pi lwen sa konesans yon mòtèl ka atenn, nou va wè Li. Ou kwè sa? Yon jou pi lwen sa konesans yon mòtèl ka atenn, se la ke yon demen kè kontan ap tann mwen.

92 M te kanpe anwo isi a nan kwen an yè swa, e mwen kwè m te wè ti Rabbi Lawson. Lè l te gen abitud vin anba isi a la, ap tatonnen avèk vye baton l epi rale m pase men lan kou m, pase men lan kou m ak baton li a, anwo isi a sou lestrad la, ap chante chante sa: “Se la s ap tann mwen yon . . .” [Espas vid sou kasèt la—Editè a.] . . . ? . . .

93 Yon bagay te rive! Sa te mete mond lan deyò. M kòmanse wè bagay yo diferan. M te enkyete m tèlman sou fason pèp Ameriken sa ap fè, toutan, ane apre ane, lè w ap gade jan fanm ak gason

kijan yo degrade tèt yo epi soti al nan peche, jouk m te prèske fè yon depresyon, de ou twa fwa, afòs m t ap enkyete m pou sa. Yè, m te di Bondye: “M pa pral enkyete ankò. Pawòl Ou di sa va konsa. Men m pral mete m nan labrèch pou m denonse sa, ak tout sa k nan mwen.”

⁹⁴ Lòt jou, pandan m te Green’s Mill, nan gwòt mwen an, dèyè nèt nan dezè a, m te fè tout jounen ap priye. E vè twa zè yo, solèy la t ap kouche, e m te kanpe la ap gade toupatou, m te soti deyò gwòt la, anlè sou yon gwo wòch. E m te kanpe la, ap gade nan direksyon Ès, ap louwe Seyè a. E m te ka wè solèy la ap deplase desann dèyè pye bwa yo anlè sou tèt mòn lan, pandan m t ap gade lòt yo anlè atravè chimen etwa a, ak anpil touf fèy sou yo, jis trankil otan sa posib. E m te di: “Seyè, yon jou Ou te kache Moyiz nan fant wòch la, epi Ou te pase tou pre l, paske li t ap enkyete l. Men Ou te pase pwòch, li di sa ‘te sanble do yon nonm.’” M di: “Kache m nan fant lan, Seyè.” Apeprè nan moman sa, sou youn lan kote m yo, yon ti Van vini ap deplase anba nan touf bwa yo. Li te deplase tou dwat, desann dwat sou bò kote m, yon ti Van ki t ap deplase desann, ki te desann nan bwa yo. M te kanpe la.

Yon jou, Bondye sèl konnen jis kibò oswa kilè,
Tout wou lavi mòtèl va ret trankil,
Alò mwen v al abite sou mòn Siyon.

Yon jou ki pi lwen pase konesans yon mòtèl ka
atenn,
Yon jou, Bondye sèl konnen jis kibò oswa kilè,

Kisa k pral rive? Li pral fèmen, tout ti wou sa yo k ap vire.

Tout wou lavi mòtèl va ret trankil,
Alò m v al abite sou mòn Siyon.

Desann tou ba, kawòs byen ranboure a,
Vini pou pote m mennen Lakay;
Desann tou ba, kawòs byen ranboure a;
Vini pou pote m mennen Lakay.

Si w rive la anvan mwen,
Vini pou pote m mennen Lakay;
Di Frè Bosworth, ak tout zanmi m yo, tou,
Jis vini pou pote m mennen Lakay.

Kounye a desann tou ba . . . (Li va desann yon
jou pou pran m monte.) . . . ka- . . .
(Tout pyebwa va tou limen; Zanj Bondye yo,
kawòs ak flanm dife) . . . pou pote m mennen
Lakay;

Desann tou ba, kawòs byen ranboure a,
Vini pou pote m mennen Lakay.

⁹⁵ Youn nan jou sa yo, youn nan jou sa yo nan dènye moman lanmò mwen, m ap atann Li ap vini. Se sa.

M te gade pi lwen Jouden e kisa m te wè
 Ap vini pou pote m mennen Lakay; (tankou
 ansyen Eli ki t ap gade pi lwen Jouden)
 Yon bann Zanj limen klere k ap vin chache m,
 Yo t ap vini pou pote m mennen Lakay.

Desann tou ba, desann dousman, kawòs byen
 ranboure a,
 Vini pou pote m mennen Lakay;
 Desann tou ba, kawòs byen ranboure,
 Vini pou pote m mennen Lakay.

⁹⁶ Seyè Jezi, Chofè beni kawòs sa, Pilòt vye bato Siyon an, bato Lavi a, k ap deplase desann nan bilding lan, ap pale, Prezans Li isi a. Sentespri a menm ki te resisite L soti nan tonb lan isi a.

⁹⁷ Kòm yo pa bay okenn kat priyè, èske gen moun isi a ki soti andeyò vil la, ke m pa konnen, ki isi a pou yo priye pou yo? Leve men nou, sa m pa konnen yo. Leve men nou, sa m pa konnen yo. Ou menm, ou menm la. M kwè ti zanmi sa ak moustach la dèyè la, gen yon moun ki te leve men l dèyè nan direksyon sa. Wi, ou menm, èske w leve men w? Dakò. Dèyè la, ou menm, mesye. Dakò. Èske nou tout etranje pou mwen? Seyè Jezi sa, menm Bèje twoupo isi a, èske nou kwè pwomès Li vrè? Li wenn legliz Li, epi “Zèv ke M fè, nou va fè yo, tou. Menm nou va fè pi plis pase sa, paske M pral jwenn Papa M. Pi plis pase sa!” Nou kwè sa?

⁹⁸ Èske w leve men w pou di ou pa konnen m? Èske w kwè Bondye ka di m ki sa k nan kè w, ka pale avè m jis tankou L te fè fanm ki te manyen rad Li a? Èske w kwè Li se Souvren Sakrifikatè ke santiman enfimite nou yo ka touche? Si Bondye revele m kondisyon w yo, èske w ap kwè m se pwofèt Li, kwè ke Prezans Li isi a epi se pou sa Li pèmèt sa? W ap priye pou madanm ou. Li gen anch li ki kase, anch demonte. Se sa. Si se vre, leve kanpe. Oke, al jwenn li, byen. Amèn.

⁹⁹ E ou menm dèyè a la, ti zanmi ki te leve a, ki gen moustach la? Ou kwè ak tout kè w? Èske w kwè Bondye ka di m pwoblèm ou yo? Ou kwè pitit gason w lan pral anfòm? Ou kwè? Ou gen yon ti gason, li gen yon paralizi serebral. Se sa. Ou pa . . . Li sot Kentucky. Si se sa, leve men w. M pa konnen w, pa vre? Si m konnen w . . . Leve men w yo *konsa*, nou pa konn youn lòt. Se vre. Fè Bondye konfyans. Èske w kwè? Kòm ou kwè, al jwenn pitit gason w lan fason ou kwè a. Jis fè sa k sou kè w.

¹⁰⁰ Ki moun isi a ki te leve men yo, ke m pa—pa . . . Èske se te ou? Dakò, mesye, èske w kwè m se pwofèt Bondye? [Nonm lan di: “Amèn.”—Editè a] Ou kwè, ak tout kè w? Ou pa bezwen leve, jis kanpe drèt la. Dakò, mesye, ki pwoblèm ou, ou fè dyabèt sik. E sa afekte pye w. Ou soti Ohio. Non pa w se Mesye Miller. Retounen lakay ou epi pran gerizon w. Dakò, kwè ak tout kè w. Dakò.

Ou kwè ak . . . ? Kwè sa. Si w ka kwè!

101 Dam ki chita isit la, èske w leve men w? On gwo dam, ak linèt, ou kwè ak tout kè w? Ou kwè ak . . . Ou kwè mwen se sèvitè Bondye? Ou kwè? Dakò, si Bondye ka di m ki sa pwoblèm ou ye, èske w va kwè? Pwoblèm kè. Dakò, leve men w si se vre. Dakò.

102 Dam sa tou pre w la, te leve. Kè; men an reyalite se je w. M konnen l. Dakò, si w ka kwè!

103 Dèyè la, mesye apre a dèyè la gen pwoblèm kè, tou, ak yon maladi po. Èske w kwè ke Bondye pral fè w ale byen? Ou kwè, mesye?

104 Gen yon nonm dèyè la kèk kote, ki te leve men l yo ki pa t . . . Mesye Schubert. Dakò, mesye. Dakò, èske w kwè? Se pou je w yo, tou, pa vre? W ap priye pou manman w ki chita deyò a la, tou. Si se vre, leve men w. Nou etranje youn pou lòt. Se pa vre? Bay lanmen, bay lanmen youn ak lòt. Oke, se sa. Si nou ka kwè, nou ka resevwa!

105 Jezikri resisite a nan bilding lan. Li se menm Moun lan. Kisa Sa fè w? Èske w kite mond lan souse tout fòs nou soti nan nou? Glwa! M vle nouvel nesans! M vle nouvo Vi a! M pa bezwen konn nan ki avyon Li rive, si m gen pou m yon ekzalte, nenpòt bagay. M pa bezwen konnen abò ki avyon Sa ap vini, m vle reyèl Sentespri a tankou L sou mwen kounye a. M vle kenbe L! M ta pito genyen L pase tout bagay nan mond lan. Amèn! Èske w kwè? Èske w kwè ke L isi a?

106 Alò, poze men nou youn sou lòt. Di m yon bagay an plis Li ta ka fè. Anyen. Gen lafwa kounye a. Kwè ke se fini.

107 Seyè Bondye, Kreyatè Syèl ak tè a, Mèt Lavi Etènèl, epi Sila ki bay tout bon don, Lespri W isi a ak tèlman onksyon, Seyè, sa sanble ke bilding la ap respire, ap deplase devan dèyè. Pouki moun yo pa ka konprann sa, Seyè? Èske yo—èske yo te asosye ak mond lan tèlman anpil, epi yo te vin tèlman frèt epi fòmèl epi byen rijid, jouk yo pa ka konnen W ankò? Seyè Bondye, ke Pwisans sa atenn chak moun, epi ke chak moun ki malad geri, tout pechè sove, epi ke Bondye jwenn glwa. Nan Jezikri, Pitit Bondye a, m mande l. Amèn.

108 Èske w kwè sa? Leve men w anlè. Èske w aksepte gerizon w? Bondye beni w. Kounye a ale epi jwenn li jis fason ou kwè a, sa va fason sa. M ap gade vizyon k ap dewoule la sou lòt yo. Se vre. M ap oblije tounen ankò aswè a.

109 Si w pa kwè kounye a, ou pa p janm kwè. Se vre. Jezi te fè sa yon fwa, epi yo te di: “Ou se . . . Nou konnen lè Mesi a vini, Li va di nou sa.” Li te di: “M konnen Mesi a va fè sa. Men Ki moun Ou ye?”

Li di: “Mwen se Li.”

110 Alò li te kouri nan vil la pou di: “Vin, wè yon Nonm Ki konnen ki sa m te ye ak ki sa m te fè. Èske sa se pa Mesi a?”

¹¹¹ Li te di: “Bagay sa yo pral refèt ankò nan dènye jou yo. Legliz la va preche Verite a, Li va kanpe sou Pawòl la. Li va respekte tout Konmandman Bondye yo. Li pa pral asosye ak mond lan. Epi apati de la M pral aji epi fè menm bagay yo.”

¹¹² Men L te di: “Yo va anfle ak lògèy, tèt di, renmen plezi plis pase Bondye, pa serye, fo akizatè, gen yon relijyon pou lafòm,” relijye anpil, ap mache legliz. “Gen yon relijyon pou lafòm, men refize Pwisans ki ladan l. Vire do bay sa!”

¹¹³ Nou menm moun yo, kèlkeswa kote ou te ye nan legliz la, Li ap rele jis kounye a, vizyon an kite m. Si—si sa te verite, sa m te di, epi mwen pa t konnen bagay sa yo pou ou, leve men nou, kèlkeswa moun li te ye a. Tout legliz la, tout—tout moun. Oke. Ou wè? M pa konnen yo, pa t janm wè yo; men Sentespri a isi a epi Li konnen yo. Èske w pa ka wè se pa mwen?

¹¹⁴ Tande! Si Li konfye m sa, Li va fè m konfyans ak Verite Pawòl la, paske Verite a ka sèlman vini pa Pawòl la. “Repanti, nou chak, epi batize nan Non Jezikri, pou remisyon peche yo, epi nou va resevwa don Sentespri a, paske pwomès la se pou nou epi pou pitit nou yo, sila yo ki byen lwen, menm osi lontan ke Seyè Bondye nou a va rele.” Ou kwè li? Pral gen yon sèvis batèm jis nan yon moman.

¹¹⁵ An n koube tèt nou. M ap mande pastè a priye pandan y ap prepare pou batèm lan. M kwè gen yon sèvis batèm k ap vini. Dakò.



YON LEGLIZ MOND LAN SEDUI CRE59-0628M

(A Deceived Church, By The World)

YON SERI SOU LEGLIZ YO

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle on dimanch maten 28 jwen 1959, nan Branham Tabernacle nan Jeffersonville, Indiana U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2020 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org